Соколёнок

3/2013

# ЛАЧЕН

0+

ДАГЪИСТАНАЛЪУЛ ХIУКУМАТАЛЪ КIИ-КIИ МОЦIИДАСАН ЛЪИМАЛАЗЕ БАХЪУЛЕБ ЖУРНАЛ





*ПатIиматги Расулги ясалгун: Зарема, СалихIат ва ПатIимат (квегIиса кваранидехун)*

* * *

*... Жакъа щвана рокъове,*
*Рокъоб букIун бугеб лъикI.*
*Рокъоб гурони диде*
*Дадаян ахIуларо...*

*Расул ХIамзатов*

# Расул ХӀамзатов гьавуралдаса 90 сон

Расул ХӀамзатов

## ДахӀадада



Дир вуго ДахӀадада
ХъахӀилъараб мегежалъул.
Дир вуго ДахӀадада
БахӀараб жигаралъул.

ДахӀададалги дирги
ГьитӀинаб къоялдаса
Гьуинаб, ракӀ жубараб,
ЛъикӀаб гьудуллъи буго.

Гьайбатал милъиршабаз
Гьуинал бакънал рачун,
Жеги бакъ борчӀилалде
РорчӀизе гьарула ниж.

Рукъалъул гордал рагьун,
Гьогьен жаниб биччала.
Гьуинаб хӀухьелги цӀан,
Цадахъ низам гьабула.

«Раз!» - йилан квер борхула,
«Два!» - йилан биччала.
«Раз!» - йилан бох борхула,
«Два!» - йилан биччала.

Цинги борхатаб мугӀрул
ГӀаздадаса чвахулеб
Чабхил лъарахъеги ун,
Гьумер, кверал чурула...




Ниж ккола ТIалутIа росдал ТIаса аваладаса лъимал. Нижер руго нижерго данделъулел хасал бакIал, нижецаго ургъарал кепал хIаял, киназго тIадаб къагIидаялда цIунулеб гIадлу-низам. Амма нижее бищунго бокьулеб заман буго Загьра-кIодол харбазухъ гIенеккулеб мех.



Росдал тарихалъул, гьелъул хIикматалъул ва къеркьеялъул, цересел лъугьа-бахъиназул хIакъалъулъ нижеда гIемераб цIияб жо лъала Загьрадасан.

Киданиги нижеда гьей ццин бахъун, къварилъун йихьичIо, гьаракь борхун, хъачIго кIалъалей рагIичIо. Загьрада аскIоб киналго лъималазе лъикI букIуна: гьитIинал реэдула, квачарал тIингъилъе рачуна, цоязул ботIрода хIеренго квер бахъула. Киналго, гьелдаса рохун, гьелъ щиб малъаниги рекеризе хIадурун рукIуна.

Загьра-кIодол рукъ буго росдалго гIачи-бачал гьекъезе рачIунеб хIорда аскIоб, годекIаналде къулараб гохIда цебе. Гьединлъидал росулъе рачIунелги-унелги лъидасаго цере Загьрада рихьула. Риидал багIарараб мехалъ, ниж гьеб хIорихъ чвердола, хасало цIорода тIад хъещтIола, цIалаца гIандарикI бацIула.

ХIорда сверухъ руго гIемер заман баялъ гьодорлъарал, бащдал ракъварал, херал рицIигъутIби. Гьезда кверщел гьабун буго гъудуз. Абизе бегьула гьениб гъудузул росу бугилан. Щибаб гIаркьалида руго гьезул бусаби. ГъутIбузде щив вугониги гIагарлъани, гъудуз сверухълъиго кодобе босулеб чIиргъи-хъуй багъаризабула.

Цо нухалъ Загьра-кIодохъе щварал ниж гIажаиблъун хутIана. Кидаго разияй, недегьай гьей нижеда кьерхун, ракI бакъван ятана. Цосина унтундай гьей йигоян ккана нижеда.

- Тохтур ахIизе инищ, Загьра-ада? Щиб унтун бугеб? – ан цIехана гьитIинай Сакица адабалда.

- ГIакайищ рохьдолъа буссун гьечIеб? Инищ балагьизе? – ян абуна Рашидица.

- Ине кколаро, цебего бачIана.

КIодо иргадал лъималазухъ ялагьулей йикIана. Амма гьелъул балагьиялъулъ букIинчIо недегьлъи, хIалимлъи. Бихьулеб букIана Загьрал рекIелъ кинабалиго пашманлъи рещтIун букIин. МаркIачIугIуж букIаниги, гьелъ чирахъги бакун букIинчIо.

- Нарт гьечIогойищ хутIун йигей, Загьра-ада? Инищ босизе? Нижер доба кIудияб бочка цIун буго, - ян абуна АхIмадица.

- ХIажат гьечIо!

Гьединал рукIана Загьра-кIодол жавабал. Гьей цо кинабалиго пикру цIализе, цо щибалиго лъазе бокьарай гIадин, нижер бадие ялагьулей йикIана.

Загьра-кIодол ургъел бигьа гьабизе нижеца щиб ургъаниги, гьелъул жо ккечIо. Гьелъул калам букIана къокъаб, данде къотIараб. Гьеб сордоялъ Загьраца нижее щибго бицинчIо. Адабалда гьелъулгун къо-мехги лъикI гьабун, ниж рокъо-рокъоре ана.

Хадуб, чанго къоялдасан, лъималазда лъана МахIачхъалаялда цIалулев вугев васас ритIун рачIарал Загьра-кIодол цIороберал тIагIун рукIин. КIалалъ абичIониги, нижеда щаклъун йигин гьеян ккана.

Хасалихълъи гIагарлъулеб заман букIана гьеб. Сордоялъ гучал гьурал пулел рукIана.

Радал дун ворчIизавуна Рашидил гьаракьалъ.

- Хехго тIаде вахъа, дудаго цо тамаша бихьизе! Гъудузул росу биххун буго! – ян ахIулеб букIана гьес.

Дун хIатIигIицIго векерана хIорихъе. Гьенибе гIемераб халкъ бакIарун бугоан. Чанго рицIигъветI бегизабун бугоан гьороца.

- Гьанире ралагье, дида батараб жо бихьизе! – ян ахIдана АхIмад, гъадил бусенги хIатIица хъинтIулаго. – Гьаб гъеду ратIлил устар букIун буго.

Гьесда кодоб бугоан кьаву чIвараб кIвекьмахх. Гьенибго батана квасул куналъул гьитIинаб гIомо, гурдида балеб маргъал, цо шагьи.

Лъимал лъугьана цогидал бусабиги хъирщизе. Гьенирги ратана алатал: мергуялъул тIагъди, гIинда балеб кIиликI, пахьул сурдалъел, таманабго чIорто-къехь.

Бищунго битI ккана Рашидие. Цо бусада гьесда ратана Загьра-кIодол цIороберал. Бихьизе анищ цо гьесул букIараб чIухIи! БитIахъе космосалде воржаравгIан вохун лъугьана гьев.

- Рилълъа киналго Загьра-кIодохъе! Гьанже лъана нилъеда цIогьор щивали! - янги абун, эхеде ккун цIоробералгун, цо лахIзаталъ



цевеса тIерхьун ана Рашид. Хадур киналго нижги рекерана.

- Гъалеха, Загьра-ада, гъадил иш букIун буго! Мунин абуни нижеда щаклъун йикIун ятила! БитIахъе музей гIуцIизегIан давла данде гьабун букIун буго гъудуз.

КIодо хIикмалъун ялагьана нижехъ. Хадуб, кодореги росун, цIороберазул хал гьабуна. Цинги, чIинчIуялъул гIиналъ рацIцIадги гьарун, мухIканго мегIералда рекъезаруна, нижехъги ялагьун, гьимана.

- БитIахъе бицани, дир лъимал, дида ккун букIана дир цIороберал нужер цояс росун ратилин. Эдинги гьадаб гьаракь квешил иш букIун буго. ТIаса лъугьа дидаса!



# БакьагьечIиса цIалдохъабазул кучIдул

## МугIалим



Дие бокьун буго, мугIалим, дуда
Жакъа рохалилаб байрам баркизе,
Бищун жавабияб, бищун захIматаб
Дур тIадегIанаб цIар кIодоги гьабун.

Дуца кIвахI лъачIого, хIалхьи рехун тун,
ТIаде босун буго хIурматияб иш.
Дуда божун буго гIун бачIунеб гIел,
Тарбияги лъайги лъазе бокьараб.

Умумузде гIадин, дуде божигун,
Роржаде къачIала къвакIарал васал.
Улбуздехун гIадаб адабги цIунун,
ЩIалдола ясалги тIабгI камиллъизе.

*ГIалиева Равзат*

## Хаслихъли



Щибаб заманалъул
Жинди-жиндир гIуж,
Жиб-жиб тIамахалъул
Жинди-жиндир кьер.

Бищунго бокьула
Дие хаслихълъи –
Бечедаб, гьарзаяб,
Кьер меседилаб.

Гьуинал пихъалги,
Кьарияб гьанги,
Нахърател биццатаб
Берцинаб заман.

Мугь цIубан барщараб,
ТIорщел гIемераб,
ГIадамазул ракIал
ГIорцIараб заман.

*ШагIбанов ГIабдулхIамид*

# Дир „Зидан"

Нижер буго цо бече
Чан гIадинаб чIурканаб.
Дица гьелда цIар лъуна
«Зиданилан» абураб.

Дун бокьое лъугьиндал
Басандизе лъугьуна,
Дица нуцIа рагьидал
КIанцIун данде бачIуна.

Дица гьелъий хер кьола,
Къечани, иццтIе уна.
Дунги гьебги кидаго
Расандула кIиялго.

*КъурамухIамадова Сиятат*





## БАБАДЕ

Баба, дуде кечI хъвазе
Дие бокьун бугеб куц.
Дуда байрам баркизе
Батулеб гьечIо рагIи.

БакъгIан гвангъарай баба,
ТIегьгIан берцинай баба,
Баркула дица дуда
Марталъул праздник жакъа.

Дур гьурмалъ гьими бихьун,
Дун кидаго йохула.
Кидаго рехугеги
Пашманлъи дур гьурмаде.

Зобал роцIун хутIаги,
Эбел йохун хутIаги,
Хинлъун букIуна дунял
Дие бабада аскIоб.

*Къадиева ГIайшат*




## МУГIАЛИМ

Щивав инсанас тIаса бищула жиндиего бокьулеб махщел. Цояз рукъзал рала, цояз гIадамазул унтаби сах гьарула, цояз ретIел букъула, цогидаз мугIалимлъи тIаса бищула. Гьел киналго пишаби цIакъ кIвар бугел руго. Амма гьезда гьоркьоб бищунго кIвар цIикIкIараблъун рикIкIуна мугIалимасул хIалтIи. Гьесдасан байбихьула лъималаз гIумруялде лъолеб тIоцебесеб гали. МугIалимас, лъай гуребги, лъикIаб тарбияги кьола гIун бачIунеб гIелалъе.

*«Дида лъала эбел цо йикIунейлъи,*
*Цогидаз кидаго гьей хисунгIутIи.*
*Амма дир гIумрудул хIисаб гьабидал,*
*Йиго цоги чIужу цее ячIуней.»*

Гьей цогияй чIужу ккола эбеллъун лъималазе лъугьуней мугIалим.

ТалихI бугев чилъун рикIкIуна жиндие унго-унгояв мугIалимасул хIадурлъи щварав инсан. Гьесие рокьизе ккола лъимал. Гьес бижизабизе ккола гьезулъ ВатIаналде, эбелалде, мацIалде рокьи. Унго-унгояв мугIалимас лъимал хIадур гьаризе ккола хадур ккунги гIадамазе пайда бугеллъун, чияр ургъел бикьулеллъун, жалго гIадамазе хIажаталлъун рукIине.

## РАХЬДАЛ МАЦIАЛЪУЛ МУГIАЛИМ



Дие гьаб макъалаялда жаниб бицине бокьун буго ЧIикIаб гIемер профилазулаб лицеялъул рахьдал мацIалъул мугIалим ГIамирханова Заира Бартихановналъул хIакъалъулъ. Жакъайин ккола гьей багIараб дипломалда Буйнакскиялда Расул ХIамзатовасул цIаралда бугеб Педагогияб колледжги лъугIун хIалтIизе ячIараб заман. Гьелдаса нахъе ана 13 сон.

МугIалималда бажарана рахьдал мацIалде цIалдохъабазулъ кIудияб рокьи бижизабизе. Гьелъие нугIлъун ккола цIалдохъабаз конкурсазда росулел тIоцересел бакIал, тIоритIулел батIи-батIиял данделъаби.

ЧIикIаб лицеялда гIадатлъун лъугьун буго щибаб санайил рахьдал мацIалда хурхарал кIуди-кIудиял тадбирал тIоритIи. Гьезие кIудияб хIадурлъи гьабула ва гьел рачуна Заира Бартихановналъ.

Гьединаллъун ккола Расул ХIамзатовасул юбилей, хъвадарухъаби МухIамад АхIмадовасул, МухIамад ПатахIовасул, МухIамад Хириясулаевасул поэзиялъул вечерал, гьевго М.Хириясулаевасул «Авар гIор» абураб тIехьалъул презентация ва гь.ц.тадбирал. Гьединго Заираца гIахьаллъи гьабула лицеялъул мугIалимзабаз сценаялда лъураб Расул ХIамзатовасул «МагIарулай» спектаклялда. Гьелъ кIудияб махщалида хIана аслияй герой Асиятил роль. Жакъа къоялда Заира Бартихановна ккола директорасул заместитель.

Унго-унгояй магIарулалъе мугIалимасул махщел бигьаго гуро щвараб. Гьелъул инсуцаги тана жиндирго гIумруялъулъ бечедаб, хиси гьечIеб мугIалимлъиялъул нух. Гьес гьеб байбихьана гIадатияв учителасул хIалтIудаса. Хадубккун гьес ЧIикIаб школалъе 12 соналъ директорлъи гьабуна. Гьанже ГIумаров Бартихан ГIусманович ккола Буйнакскиялъул Педагогияб колледжалъул директор. Унго-унгояв мугIалим Бартихан ГIусманович ккола «Россиялъул мустахIикъав учитель» ва «Дагъистаналъул халкъияв учитель».

* * *

Цеехун рехсарай Заира Бартихановналъ кIудияб хIалтIиги хIаракатаб жигарчилъиги бихьизабула жиб-жиб соналъ «Лачен» журналалъул подписка гьабулеб мехалда. Ахирисеб щуго соналда жаниб 350-400 – ялдаса дагьлъичIо ЧIикIаб лицеялда журнал цIалулел цIалдохъабазул къадар. Гьеб гуребги Заирал малъа-хъваязда рекъон журналалъе кучIдул, харбал, макъалаби хъвала лъималаз. Гьедин цIалдохъабазул пагьму-гьунар цебе тIезабизе, гьезул пикру камиллъизе, калам бегIерлъизе, рагIи узданлъизе, эркенго пикру гьабизе гьитIичал куцазе Аллагьас кьураб гьунарги махщелги щварай мугIалим ккола Заира Бартихановна. Гьеб якъинго бихьула гIурус мацIалъул мугIалим ГIабдулаева ГIайшатица ва цоги цадахъ хIалтIулел гьалмагъзабаз гьелъие кьолеб бугеб къиматалдасанги росдал жамагIаталъ гьелъул гьабулеб хIурматалъухъ балагьидалги.



ББК 08 АВ

Редактор М.Хириясулаев
Художник М.Муталибов
Тех. ред. Т.Лузина
Сдано в набор 20. 05. 2013 г.
Подписано в печать 04.07.2013 г.
Ус.печ.л.I
Тираж 1866 экз.
Заказ № 200





## АЙБОЛИТ

ЛъикIав тохтир Айболит
ГIодов чIун вуго гъотIокь.
РачIа дару гъабизе
Гьесухъе, гIачи-бачал,
БацIалги, оцхIутIалги,
ХIапароги, циялги!
Айболит лъикIав тохтир –
ЛъикIлъизарун ритIила.

БачIана гьесухъе цер:
«Ой, хIанчIана кьужнаялъ!»
БачIана гьесухъе гьве:
ГIанкIуялъ гозо банин!
БачIана бекерун гIанкI,
ГIодилаго: «Вай-вай-вай!
Трамваялде гъоркье
Ккана дир тIинчI, дир канлъи!
Дир месед, дир берзул нур!
Нух къотIун бекерана,
КвачIал гьелъул къотIана.
Гьанже, унтун, дир пакъир
Рокъоб хутIила бегун.»

ЛъикIав тохтир Айболит
КIалъана гIодой виччан:
«ГIодуге,
Ургъел ккоге!
Бачея хех гьанибе!
Нилъеца сах гьабила,
ЦIиял квачIал рукъила,
Цебе гIадин, нахъеги,
Нух ккун, гьеб бекерила.»



АнцIго къоялъ тIатIала
Дару гьабулеб буго
Гьес гIалхул хIайваназе,
ТалихI къарал тIанчIазе,
Градусникал лъола,
Гьезул сахлъи цIехола.

* * *

Гьес киналго сах гьаруна,
Лимпопо!
Унта-щокъал лъикI лъугьана,
Лимпопо!
Гьел рохана, разилъана,
Лимпопо!
Кьурдана ва кечI ахIана,
Лимпопо!
Ва акула Каракулалъ
Кваранаб бер къинкIана
Гиди бачараб гIадин,
ГIагIадана, кIарана.
ГIисинал бегемотал
Чахьалги ккун кIанцIола,
ГъутIби соролеб куцалъ,
Кеп щола, релъанхъула.
Гьале гиппо ва попо,
Гиппо-по, Гиппо-по!
Гьале бачIунеб буго
Залимаб Гиппопотам.
БачIунеб буго чIухIун,
Гъоб Занзибаралдасан,
Гъоба Сахаралдасан
Ва ахIулеб буго кечI:
-ЧIаго таги Айболит!
Рецц лъикIав тохтирасе!



3



14

Бачана гьесухъе тIинчI,
Унтараб,
Рекъаб,
Щокъаб. –
ЦIиял квачIал рукъана,
Гьеб кIанцIезе лъугьана.
Гьелда цадахъ кьурдизе
ГIанкI – эбелги бахъана.
Бохун, хинлъун ахIтIана:
«Айболит, дуй баркала!»

* * *

Щвана чакъал гIедегIун,
ГIалаялдаги рекIун:
- ГIалхул жанаваралъул
Тел буго дуде хехаб!
«Тохтур, гIедегIил гьабе,
Африкаялде вачIа!
Гьарула хвасар гьаре
Нижер гIисинал тIанчIи!»
- Гьаб щиб! Унго, нужерги
Лъимал унтунищ ругел?
- У-у-у! Буго гьезул
Гьуърул, бакь-кIач, чехь унтун,
Руго цIа-кан бахарал,
ЦIакъго щокълъун лъугьарал.
Хехго вачIа, гьарула,
ЛъикIав тохтур Айболит!
- ЛъикI буго, гIедегIила,
Дица кумек гьабила.
Амма нуж чIараб бакI щиб,
ХьуцIищ яги мегIерищ?
- Ниж руго Сахаралда,
ГIатIидаб Лимпопо чIван,
Гиппопотам сверулеб
Фернандо-по магIарда.



* * *

Амма гьале балагье,
Кинабалиго цо хIинчI
КIванагIан гIагарлъулеб
Буго гьаваялдасан.
ХIанчIида тIад, хал гьабе,
РекIун вуго Айболит,
Шляпа хьвагIулаго,
АхIун абулеб буго:
- ЧIахъаги мун, чIахъаги,
Дир хирияб Африка!
Рохун, хинлъун ва чIухIун
Руго киналго лъимал:
- Гьале вачIана, щвана!
Гьура! Гьура, Айболит!
ХIинчIилан абунани,
Цо гьезда тIад тирана,
ХIинчIи лан абунани,
Цинги гIодоб рещтIана.
Ва вортула Айболит
Унтарал хIайванахъе,
Гьезул чахьал къакъала,
Градусникал лъола,
Киназего иргадал
Шоколадал рикьула!
Гьесда кIочон толаро
Мохъал рахъарал цIиркъал,
Мугъ унтарал, гьетIарал
Варанабазул тIанчIи.
Щибалъе кьола хайгин,
Щибалъе кьола хайгин,
Ханал жеги режула
Жанавараз кваназе.
АнцIго къоялъ Айболит
КьижичIо ва кваначIо.





9



11



- Щайха гьечIев Айболит?
РахIат хун бегемотал, -
Къан ккун руго гьез чахьал.
Гьезул, бегемотазул,
Унтулел руго чахьал.
Варани – хIанчIи руго
ГIодулел, зигардулел,
Огь, пакъирал гьел хIанчIи
Гьезда ракI гурхIулеб куц!
Меседалъ унтун руго,
ТIадерахъи бан буго.
Руго цIа-кан бахарал,
ЦIакъго щекъер унтарал.
Гьез цоцазда цIехола:
- Щайха вачIунев гьечIев,
ЛъикIав тохтир Айболит?
АскIобе бачIун чIана
Цо кIудияб акула.
Цо кIудияб акула
Гьеб бакIалда бегана.
Гьелъул тIанчIазул гьале
БитIун анцIго сордо-къо
ГIусал унтаралдаса.
Унго, пакъирал тIанчIи!
Унтун гьорон буго гьеж
Пакъир нилъерго гарцIил;
Гьанже гьеб кIанцIоларо,
Кибего къокъунаро.
РакI хун гIодулеб буго,
Тохтир ахIулеб буго:
- Кив вугев лъикIав тохтир
Кидаха гьев вачIинев?



* * *

Вахъана Айболит, хъетана Айболит,
Ахал чIван, хурзал чIван, расалъаби чIван.
Ва такрар гьабула гIицIго цо рагIи:
«Лимпопо, Лимпопо, Лимпопо!»
Бадиб речIчIун цIадалъ, гIаздаца гьесда
Гьарана: «Айболит, унге, нахъ вусса!»
Амма гIенеккичIо. ГIодов ккана гьев:
- Гьанже цеве ине дида кIоларо!
ГьутIбузда гьоркьосан гьеб параялъго
Гьесухъе рачIана рекерун бацIал:
- Воре ургъел ккоге, рекIа, Айболит,
Нижеца хехго мун гьавила щвезе!
Ва къокъуна цеве тохтур Айболит
Ва такрар гьабула гIицIго цо рагIи:
«Лимпопо, Лимпопо, Лимпопо!»

* * *

Гьале гьезда цебе кIудияб ралъад –
Гьеб гьалдолеб буго, хъудулеб буго.
Ралъдада полпихун карачелаби,
Гьез гьабсагIаталда кIкIвина Айболит.
- Нагагьлъун дун гьанкъанани,
Гьове тIинде вачани,
Щибдай ккелеб, пакъирал,
Дир рохьил хIайваназул?
Амма карачелал кIи рикьун ана,
Ралъдалъан тIаде кит баккун бачIана:
- РекIа тIад, Айболит, гамида гIадин,
Дица вачина мун цевеса цеве.
Ва рекIуна гьанже гьав киталда тIад
Ва такрар гьабула гIицIго цо рагIи:
«Лимпопо, Лимпопо, Лимпопо!»

* * *

Ва мугIрул рорхула нух къотIун цере,
Ва гьев мугIруздасан харула тIаде.
МугIрулин абуни зодоре арал,
ТIогьалин абуни – накIкIуда хъварал.
- Нагагьлъун вахинчIони,
Нухдаго дун хутIани,
Щибдай ккелеб унтарал
Дир рохьил хIайваназул?
Борхатаб кьурдасан гьеб сагIаталда
Гьесухъе гIодоре рачIана цIумал:
- Воре, ургъел ккоге рекIа, Айболит,
Нижеца хехго мун гьавила щвезе.
Ва рекIуна гьанже гьев цIумалда тIад,
Ва такрар гьабула гIицIго цо рагIи:
«Лимпопо, Лимпопо, Лимпопо!»

* * *

Африкалда абуни,
Африкалда абуни,
Африкалда
ЧIегIераб
Лимпопоялда кIусун,
ГIодулебго гIодулеб
Буго ракI хун Гипопо.
Гъоба Африкалда гьеб,
Гъоба Африкалда гьеб
Пальмадул гъотIокь кIусун
Ралъдахъ балагьун буго
Гамида рекIун тохтир
Айболит вачIинегIан.
Нухазда женжедула
Жанаваралгун пилал
Ва гьикъула ццин бахъун:








## Авар мацI

Нилъер мацIалда дагьал гьечIо цо, кIиго, яги лъабго рагIи жубан лъугьарал рагIаби. Масала, мисалалъе босани, ражипер абураб рагIи ккола «ражи» ва «пер» абурал рагIаби журан лъугьараб. Росабаздагун мугIрузда лъурал цIаралги лъугьуна цо-цо мехалда цо рагIи цогиялда цолъизабун. Гьедин ХIариколо абураб росдал цIар лъугьун буго «хIариялде» тIаде «кули» жубан.

### ТIОЦЕБЕСЕБ ТIАДКЪАЙ

Гьал рагIабазде цо-цо рагIиги жубан, цIиял рагIаби лъугьинаре.

Багьа... . Ах... . Бал... . Анкь... . БагIар... . Аз... . Ал... .

Гьанир ралагье гIоларел рагIаби: цIул, дур, жан, бар, гIеч, кан, ада.

### КIИАБИЛЕБ ТIАДКЪАЙ

Гьал рагIабазда цереги хадурги цо-цо рагIиги лъун, лъабго рагIудасан гIуцIарал цIиял рагIаби лъугьинаре: ...багIар... , ...цIад...,
...гьан... , ...уна... , ...аз... , ...ин... , ...гIор... .

Гьале кумекалъе хIажатал рагIаби: бетIер...чи, би...аби, аб..чи, бецI...аб, бо...цо, агъ... гьечI, бацI...аб.

### РОКЪОБЕ ХIАЛТIИ

Багьадур абураб рагIулъ
ункъо батIияб рагIи бате.
Кумекалъе мисал: магъало,
ма-магъ-гъал-ало.



# ХIарпал

## Гъ



Гъабеле гъабигъанас
Гъабихъе лъим тIамуна,
Гъабил рогIороги цIун,
Гъабил тирщукь речIчIана.

Гъеб параялъ гъурилъун
Гъабил раква сверана,
Гъарсан гъабил гIенкIеро
ГъабитIа басандана

Гъабица гъаругъинан
Гъалимугъал къулчIана,
Гъабил сукIурдаялъуй
ГъалигIатIги чвахана.

## ГI

ГIабасица ГIалие
ГIангисаб кьегIер кьуна,
ГIурдада гIурччинхарилъ
ГIалица гъеб хьихьана.

ГIангис бихьун ГIабдула
ГIагIадизе лъугьана,
ГIангисалъул гIисинал
ГIундузда велъанхъана.

ГIалица ГIабдулае
«ГIакъилаб» жаваб кьуна:
- ГIуркIкIен гIедал гIангисил
ГIундул чIахIиял гIелин.



## Д

Дурун, дурун унаго
ДегIенса рехун арав
Дайитбег гIодов ккана,
Дадилъ бетIер тункана.

Дударица дарманин
Дайитбег данде къана,
Дадаца дару бахун,
Дарайдул чIорто къана.



Дададехун Дайитбег
Дагьав нечон кIалъана:
- Дида гуроха, дада,
Дадида ккана гIайиб.




# БАКЪККВЕЙ

Дунялго гвангъизе зодихъ кунчIун букIараб бакъул канлъи дагьлъизе лъугьуна. Гьелъул кваранаб рахъалда чIегIераб тIанкI лъугьуна. Дагь-дагькккунгьебчIегIерлъигикIодолъун, бакъ нилъалда релълъуна. Цинги бакъул лъугьараб нилъ тIеренлъула ва ахирги тIагIун гьебги ун, дунял бецIлъула. ТIолабго сверухълъиялда сордоги рещтIуна, сардилъ гIадин, квачги цIикIкIуна, зодихъ цIвабиги кенчIезе лъугьуна. Бакъ букIараб бакIалда сверун гIарцулкьераб кунчIиги бугеб, лахIгIан чIегIераб гор лъугьун букIуна. Гьединал лахIзатазда хIанчIазул чIиргъи-хъуйги тIагIуна, тIолалго рукъалъул-гун гIалхул хIайваналги сихIкъотIун чIола. Гьеб, черхалда сири базабулеб сурат халат бахъуна ункъо-щуго минуталъ. Цинги Бакъул добго кваранаб рахъалда гьитIинабго канлъул чIор кенчIезе лъугьуна. Гъоб канлъиги кIодолъула дагьаб цебе бакъул гьумер бахчизабураб бецIлъиго гIадин. ЦIидасан сун уна зодиса цIваби; цIидасан гвангъула ракьалъул берцинал кьерал. ХIанчIи чIирчIидула, хIайваназ жидеего ругьунал гьаркьал гьарула. Гьедин, букIараб бакIалде бачIуна цо чанго минуталъ цебецин билун букIараб бакъги бакъулаб къоги.

Бакъ-моцIалъул гIелму щивав чиясда лъалеб нилъер заманалдацин ракI данде къала Бакъ ккурал лахIзатазда. Гьеб нилъер рахIатхвей гьадингояб жолъун тезе бегьула, азарил соназ цере некIсиязде гьединаб мехалъ рещтIунеб букIараб кIудияб хIинкъиялде данде ккуни. Къалъул завалалда бакъул канлъиги камун хутIарал дозда лъалароан цоги нухалъ нахъ буссине бугищ гьеб хIикматаб нур жидехъе, яги хвезегIан халалъун гьаб лахIдугIан бецIаб сордогун, сородулелищ жал хутIизе ругел — абураб суалалъе жаваб кьезе. Гьединлъидал бакъ ккураб мехалъ бицине хIалкIоларебгIан кIудияб хIинкъи рещтIунаан тIолалго къавмазде. Цо-цо халкъалъ рикIкIунаан мунагьал гIемерлъарал гIадамазда ццин бахъун, Аллагьас гьел хIакъикьа хIинкъизаризе, гьел кантIизаризе ва гьебго заманалда жиндир къуватги хIалкIолъиги мунапикъазда бихьизабизе гьабулеб иш бугилан. НекIсиял китаяз толаан нилъеда бихьуларебгIан кIудияб аздагьоялъ къулчIун унеб бугин бакъан. Киналго китаял лъугьунаан бакъ кколеб мехалъ къали бухун, цIумур кьабун, квешаздаса квешал гьаркьал гьарун, аздагьоялъе хIинкъи кьезе, гьеб ба-

чахъизе. ЦIидасан бакъ баккидал тIолабго халкъалъ кIодо гьабулаан аздагьоялда тIад жидецаго босараб кIудияб бергьенлъи.

Гьанже щибаб лъимада лъала бакъудаги ракьалдаги гьоркьобе моцI ккедал лъугьунеб «хIикмалъи» букIин бакъкквей. Гьеб хIужаялъги бицунеб буго гIелму цебе тIураб заманаялъ гIумру гьабулел чагIи нилъ рукIин.



# Кинидахъ кечI



## Ясазе



МугIрул тIогьиб
ТIегь гIадинай Сумая,
ТIогьода тIад
Най гIадинай Сумая,
СуратгIанги
Берцинайги Сумая,
Си гIадинай
ЧIухIарайги Сумая.

Гъасда цIагIан
ЦIвакарайги Сумая,
ЦIваялдаса
КунчIарайги Сумая,
Росдал ясал
Урхъарайги Сумая,
Улбуз бищун
РикIкIунейги Сумая.




# Дациги Ациги



ВукIанила, вукIинчIилакIиго гьудул. Гьезул цоясул цIар букIанила Даци, цогиясул Аци. Гьез кидаго цоцазе гьерсал рицунаанила. ГIемер гьединал гьерсал рициналъ гьел жалго жидедаго божизе лъугьанила. Цо нухалъ Дацица Ацида абунила:

- Дир инсул букIана лъиданиги халалъи борцине кIолареб кIудияб бокь. Гьелъул цояб рахъалдаса цогияб рахъалде щвезегIан, щибаб нухалъ нижер гIалаялъ цо-цо тагьи гьабулаан. ГIажаиблъи гьабизе ккараб жо гьечIищха, Аци, гьеб?

- Буго, валлагь. Амма гьелдаса гIажаиблъи гьабизе ккараб жоги бугебха! Дуда лъалищ, нижер букIана къвалакь чIвалеб цо кIудияб тIил. ЧIегIерал накIкIал зодире рачIингун, гьеб тIилги босун, эбел азбаралде кIанцIулаан, гьебги хьвагIун, накIкIал рачахъулаан. Гьелдаса хадуб цIерги балаан.

- ВахI, киб лъунха нужеца гьеб тIил цIунулеб букIараб? – илан цIеханила гьалмагъасул харбица тамашалъизаврав Дацица.

- Унго жеги дуда лъаларебищ гьеб тIил нижеца доб нужер чуязул бокьалъул мокърокь къазабун цIунулеб букIараблъи? – ян жаваб кьунила Ацица.

# БитIараб букIине бокьула гьудул

Борохьги церги гьудулзаби лъугьун, цо бакIалда бетIербахъуда рукIанила. ТIасан балагьун гьудулзабиян кканиги, борхьил рекIелъ царадехун жахIдалъи букIанила. Цо нухалъ цараца абунила:

- Гьанже гIурул гьаб рахъалда нилъее кваназе жоги тIагIана, рачIа нилъ гьаб рахъги тун, доб рахъалдехун гочине.

- РачIа, валлагь, - илан разилъанила борохьги, - амма дида лъим лъалароха, дуца бачине ккела дун гIор бахун добехун.

- Бачина гури, баха тIаде! – ян мугъзада борохьги рекIинабун, ххалаго лъимгун, гIурул добаб рагIалде щолеб букIанила цер. Гьеб заманалда жемун габунибгун, гьеб гъанкъизе хиял гьабунила борхьица.

- ВахI, борохь, дуца гьабулеб жо щиб? – ан гьикъанила хIинкъуца холаго царала.

- Мун гъанкъизехъин буго, - ян жаваб кьунила борхьица.

- Гьабгунияб мехалъ гьудуллъиги гьабун, цоцазда гьумерги бихьичIого, хвезе бегьиларо нилъ, дир бадибениги балагье, - ян гьаранила цараца.

- Балагьила гури, диеги бокьун буго цо дур куцалъухъ балагьизе, - ян борохь гьелъул бадибе къуланила.

Гьеб мехалъ цараца хапунги ккун, борхьил бетIер къунцIун реханила, цинги бехъерхъун гIурул рагIалдеги босун, цIан битIизабун борохьги лъун, цараца абунила:

- Гьале гьадин битIараб букIине бокьула дие гьудул! – ян.










* * *

Маргьа, маргьа цикIулди,
Царал гIундул кIичIулди,
КIиго ГIали вагъулди,
ГIалил лъимал лъутулди,
Лъарахъ бугъби гъулгъулди,
ГъологIучIал рекулди,
ЧIухIухъаби хIинкъулди.

* * *

Маргьа, маргьа, цIило, цIило,
ЩIобокь гъеду, Гъуниб кету,
Кутлаб хоно, Хунзахъ соно,
Сивухъ цIани, ЩIадаб дегIен,
Маргьа, маргьа, зило, зило,
Зивурире унел накIкIал,
НакIкIи рохьир гIалхул чундул.

* * *

Абури чара, чумади квацIи,
ГIалил ПатIимат пупудила жо,
ПатIинахъатун хъат чIвала жо,
Хъатумеседо нах чIвала жо.



# РАГIИКЪОТI




**ГIЕБЕДЕ:**

3. Багьадур.
7. ВахIщияб ччугIа.
8. Учителас кьола...
9. Канлъи кьолеб тIагIел.
11. Телевизоралъул цебесеб рахъ.
13. Черхалъул бутIа.
14. ГIаламат.
16. Лъималаз гьекъолеб жо.

**ГIОДОБЕ:**

1. Махх кунеб жо.
2. Бахчаялъул нигIмат.
4. Балкан кунеб хIинчI.
5. ГIор, лъар, рохь, гIалхул хIайванал – гIаммаб цIар.
6. МагIарухъ ГЭС бараб бакI *(гIурус къагIидаялъ)*.
10. Борхалъи гIаксалда.
12. Чайдулъе рехулеб пихъ.
15. РекIел хIал.

| 1 | 2 | 3 | 4 |
|---|---|---|---|
| 2 | | | |
| 3 | | | |
| 4 | | | |

**ГIЕБЕДЕГИ ГIОДОБЕГИ:**

1. ШагIил тIагIел.
2. ТIоцевесев авараг.
3. Рукъалъул хIайван.
4. ДугIаялъул ахир.

| 1 | 2 | 3 | 4 |
|---|---|---|---|
| 2 | | | |
| 3 | | | |
| 4 | | | |

**ГIЕБЕДЕГИ ГIОДОБЕГИ:**

1. ЛъугIел.
2. ГIанкIуялъ кьолеб нигIмат.
3. Васасул цIар.
4. Шагьаралдаса гьитIинаб, колотIаса кIудияб бакI.




**ГІалахалда пихъил ах.**
**Щиб?**

***

**Ахикь анцІила кІиго гъветІ.**
**Щиб?**

***

**Щибаб цо-цо гъветІ рикІкІун**
**Лъебе-лъебер гІаркьел щиб?**

***

**Щибаб гІаркьелалда тІад**
**Къоло ункъо кар щиб жо?**

***

**Щибаб каралда тІадги**
**Лъабкъо-лъабкъого гІеч щиб?**

***

**Щибаб гІечалда жаниб**
**Лъабкъого гага щибха?**

* * *

**Лълъурдул ругеб, багъулареб,**
**Рукъ бугеб, къайи гьечІеб.**
**Щиб?**




# СОКОЛЕНОК
# №3/2013

Иллюстрированный детский журнал.
Издается один раз в два месяца.

Учредитель:
Правительство Республики Дагестан

Журнал зарегистрирован федеральной службой по надзору в сфере связи и массовых коммуникаций.
Регистрационный номер ПИ №ТУ5-0025
от 21 мая 2009 г.

Издается с января 1980 г.



Главный редактор
М. АХМЕДОВ

Редколлегия:
М. АХМЕДОВ
М. АБДУЛХАЛИМОВ
М. БАРТИХАНОВ
И. ДИБИРОВ
Т. ЗУРГАЛОВА (ответ. секретарь)
М. ПАТАХОВ
Г. ХАБИБОВ
М. ХИРИЯСУЛАЕВ (редактор выпуска)

Худ. редактор З. ДАГАНОВ
Тех.редактор Т. ЛУЗИНА
Художник номера М. МУТАЛИБОВ
Художник обложки А. КАЧАЕВ



Сдано в набор 20.05.2013г.
Подписано в печать 05.07.2013г.
Уч. изд. л. 4,93
Ус. печ. л. 2,79
Формат 60 х 84 1/8
Тираж 1866 экз.
Заказ № 200

ГУП Республиканская газетно-журнальная типография
г. Махачкала, пр. Петра I, 61

Государственное бюджетное учреждение Республики Дагестан «Редакция республиканских литературных журналов «Соколенок» и «Литературный Дагестан»
360725, г. Махачкала, ул.Даниялова 55

Аварский язык.

Индексы: на год-63277, на полугодие-73902.